



Pou Piblikasyon Imedya: 28/05/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LANSMAN OFISYÈL SANT INOVASYON
UNIVERSITY AT BUFFALO A**

***Nouvèl Inisyativ nan Anba Lavil Buffalo a pou Bay Bourad a Kominote Jèn
Konpayi yo***

***Investisman 32 Milyon Dola a Pral Konekte Etidyan, Fakilte, Doktè ak Chèchè yo
ak Resous yo pou Komèsyalize Inovasyon yo***

***Patnè yo Gen Ladan Pi Gwo Lidè Endistri yo, Roswell Park Comprehensive
Cancer Institute, Jacobs Institute, Hauptmann-Woodward Institute ak Kaleida
Health***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a lansman ofisyèl Sant Inovasyon (Innovation Hub) University at Buffalo a (UB), ki se yon nouvèl inisyativ ki elabore pou ede konekte lide ak aksyon yo epi fè vanse rechèch yo soti yo nan laboratwa yo pou ale nan espas mache a. Sant Inovasyon an te finanse atravè yon angajman sibvansyon 32 milyon dola Empire State Development ki soti nan Eta New York, epi li ap sipòte inovasyon nan UB a ansanm ak patnè rechèch li yo ki ap mennen, ki gen pami yo Roswell Park Comprehensive Cancer Center, The Jacobs Institute, Hauptmann-Woodward Medical Research Institute ak Kaleida Health.

"Enstitisyon akademik klas mondyal Rejyon Lwès New York yo, tankou University at Buffalo, te pwouve ke yo se katalizè nan devlopman santral syans lavi ak teknoloji dinamik yo atravè Eta a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Atravè investisman estratejik ak patenarya lokal yo, Sant Inovasyon sa a pral rasanble ansanm moun ki pi bon epi ki pi briyan nan endistri tekonoloji a, sa ki ap devlope ekonomi inovasyon rejyon an pou jenerasyon ki gen pou vini yo."

"Soti depi nan elevatè sereyal istorik nou an pou rive nan envansyon machin elektrik yo ak lè kondisyone, Buffalo selèb antan ke yon sant inovasyon ki djanm", **se sa Gouvènè Adjwen Kathy Hochul, ki te pale nan aktivite a, te deklare.** "Nouvo Sant Inovasyon University at Buffalo a pral ajoute sou eritaj sa a nan kad efò nou ap kontnye fè yo pou devlope ekonomi teknoloji yo epi kreye travay ki byen peye nan Buffalo ak atravè Rejyon Lwès New York. Sant Inovasyon an pral sipòte patenarya ki ap emèje yo epi favorize kolaborasyon ak sèvo ki pi briyan yo nan UB a ak atravè kominote antreprenaryal la pou asire menm plis reyisit pou rejyon nou an."

Sant Inovasyon an pral fè li vin pi fasil pou etidyan ak chèchè fakilte yo nan UB a ansanm ak enstitisyon patnè li yo pou pran lide yo soti nan laboratwa pou ale sou espas mache a, sipòte komèsyalizasyon teknoloji yo epi finalman devlope investisman prive ak travay yo nan Rejyon Lwès New York. UB ansanm ak patnè li yo pote kolektivman

plis pase 412 milyon dola nan revni rechèch anyèl yo, 30,000 etidyan, ak plis pase 3,000 fakilte ki konsantre sou fè nouvell dekouvet ak avansman nan teknoloji aparèy medikal, dyagnostik yo, livrezon swen sante yo, aplikasyon pwogram enfòmatrik yo, materyèl, imajri, dirabilite ak lòt devlopman inovatif divès yo.

Yo te pataje divès modènizasyon nan avansman Sant Inovasyon an ak patisipan yo ak filyal yo nan aktivite a, ak devlopman ki pral fèt nan twa domèn kle:

- Planifikasyon, konsepsyon ak renovasyon Sant Ekselans nan Byoyenfòmatrik ak Syans Lavi nan Eta New York (New York State Center of Excellence in Bioinformatics and Life Sciences) UB a nan espas enklasyon ak sipò pou antrenèn yo ap vance epi yo prevwa li pral ouvri prèske an 2020. Espas lan, ki pral yon lokal ki kalifye pou START-UP NY ke yo te chwazi, pral disponib pou konpayi ki afilye ak UB yo ak òganizasyon patnè yo. Inivèsite a pral itilize tou divès pòsyon nan etablisman an pou pwogram sipò antreprenè yo, aktivite yo, edikasyon ak sèvis relatif yo.
- Investisman inisyalye yo atravè fon 13.5 milyon dola Sant Inovasyon an te kòmanse ak yon fokus sou alimante opòtinite demonstrasyon fezabilite yo ak kwasans anvan semans/semans yo. An konsekans, yo te chwazi sèt benefisyè fon akseleratè demonstrasyon fezabilite yo, epi fon an prevwa ogmante aktivite yo pi devan nan ane sa a, ak anons finansman adisyonèl ke yo prevwa fè byento.
- Angajman sansibilizasyon yo ak pwogramasyon sipò pou pi byen sèvi epi gide fondatè ak jèn konpayi yo atravè divès faz devlopman yo ap vance. Yo ap entwodwi epi mete sou pye sansibilizasyon sa a, pwogram eskolè a ak pwogramasyon an.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Howard Zemsky, te deklare, "Nan byen itilize divès pòtfèy lide, rechèch, teknoloji ak inovasyon yo ki soti nan UB ak patnè li yo, epi konekte yo ak finansman, enklasyon ak sèvis sipò yo, nou gen pati ki nesèsè pou kreye yon santral ke yo rekonèt onivo global pou fòmasyon ak komèsyalizasyon biznis jèn konpayi yo".

Prezidan University at Buffalo an Satish K. Tripathi te deklare, "Sant Inovasyon an se yon ekstansyon natirèl travay inivèsite nou an ap fè pou ekspozè epi elaji modèl kolaborasyon ke yo konstaman ap montre ant ekspè fakilte nou yo, etidyan, patnè rechèch yo, ak kominote jèn konpayi ki alantou yo. UB pran angajman favorize yon anviwònman kote antreprenarya ka devlope epi fleri nan ak atravè rejyon nou an, epi konsèp Sant Inovasyon an se yon konpozan krisyal nan efò sa a".

Vis Prezidan Asosye pou Devlopman Ekonomik UB a Christina Orsi te deklare, "Sant Inovasyon an pral konble vid ki genyen ant inovasyon ak espas mache a, ki ap konekte etidyan, fakilte ak antreprenè yo ak finansman, etablisman ak talan yo ki nesèsè pou konkretize lide yo".

Lidè Majorite nan Asanble a Crystal Peoples-Stokes te deklare, "Investisman 32 milyon dola sa a ki soti nan inisyativ Buffalo Billion Gouvènè a pou ede lanse Sant Inovasyon University at Buffalo a pral ede konekte chèchè medikal ak nan teknoloji ki pi

bon epi ki pi briyan yo nan rejyon an ak resous pou kapab ede yo pote inovasyon yo pou popilasyon an. Sa pral an retou ede kreye yon kilti Jèn Konpayi inovatif yo ki ap kreye travay, atire plis talan ak investisman nan Buffalo".

Senatè Tim Kennedy te deklare, "Pandan ke koridò medikal Buffalo a ap kontinye devlope epi elaji, nou bezwen asire ke nou ap relye lidè swen sante Rejyon Lwès New York yo ak etidyan ak fakilte yo ki ap dirije rechèch pwogresif ak eksepsyonèl ki ap mennen yo. Atravè lansman Sant Inovasyon University at Buffalo a, Eta New York ap kreye yon fondasyon pou kolaborasyon sa yo, epi favorize lide ki ap chanje lavi ak terapi modèn yo ki pral chanje aspè medsin nan atravè eta a epi atravè nasyon an".

Chèf Egzekitif Konte Erie a Mark Poloncarz te deklare, "Antreprenè etidyan UB yo ak fakilte ki nan University of Buffalo a yo sou devan sèn fiti nan syans medikal yo ak livrezon swen sante yo, epi rechèch ak avansman yo pral atenn kounye a espas mache a epi kòmanse sove lavi menm pi vit ak kreyasyon Sant Inovasyon an. Nan travay ansanm ak patnè rechèch ki soti toupatou nan domèn swen sante yo, sèvo rechèch ki pi entelijan nan UB yo pral kapab fè konsèp yo vanse soti sou tablo konsèp lan ak ekran òdinatè yo pou vin itilizasyon reyèl nan lavi a, epi sa pral chanje lide sou jan nou ap bay epi livre swen sante nan pwosesis lan".

Majistra Vil Buffalo a Byron W. Brown te deklare, "Sant Inovasyon an pral simante epi ranfòse Buffalo antan ke yon kote ki ap favorize patenarya yo ant kominote edikatif, sante ak jèn konpayi yo. Sa ap ajoute nouvo kabiran nan Vil nou an ak ekonomi ki ap ogmante rapidman epi devlope nan rejyon an. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo, Empire State Development Corporation ansanm ak University of Buffalo a poutèt efò kontinyèl yo ap fè pou kreye yon anviwònman kote inovasyon ka fleri".

Nan semèn ki gen pou vini yo, yo prevwa fè yon seri anons adisyonèl an relasyon ak Sant Inovasyon an, ansanm ak yon mizajou sou fon investisman an, previzyon espas enkibatè yo, ak divès pwofil sou jèn konpayi ki egziste yo, chèchè ak kolaboratè yo ki te deja ap itilize ak reyisit resous kolektif sant lan. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Sant Inovasyon an, [klike la a](#).

Enfòmasyon sou biwo Patenarya Biznis ak Antreprenè (Business and Entrepreneur Partnerships, BEP) University at Buffalo a

Patenarya Biznis ak Antreprenè a ap konstwi pon ant akademi ak endistri yo apati devlopman patenarya pou kolabore nan rechèch ak devlopman, komèsyalize nouvel teknoloji yo epi bay etidyan yo opòtinite pou aprantisaj pratik ak anplwa yo.

Nan pwosesis la, nou ap transfòme ekonomi inovatif Rejyon Lwès New York lan, Eta New York ak lòt kote ki pi lwen yo. Jèn konpayi yo ap devlope nan enkibatè UB yo. Manm fakilte yo ap jwenn finansman pou rechèch revolisyone yo. Etidyan yo angaje nan aprantisaj pratik epi yo ap lanse karyè yo. Biznis yo ap elaji apati sètifikasyon ak komèsyalizasyon teknoloji yo, tès pwodwi yo nan laboratwa inivèsite yo, epi anrichi potansyèl yo ak yon ekip ki edike, ki eksperimante epi ki pasyone de devlopman teknoloji revolisyone yo, epi pote yo sou mache a.

Investisman University at Buffalo ap fè pou ankouraje konpayi lokal yo pral bay bourad a repitasyon rejyon Buffalo a antan ke youn nan zòn metwopolitèn ki pi antreprenaryal

nan peyi a. Rechèch ak travay ki ap fèt yo nan Rejyon Lwès New York atravè biznis sa yo pral ede rezoud pwoblèm aktyèl ak sa fiti yo ki ap mennen enpak lokal, nasyonal ak global. Pou kapab jwenn plis enfòmasyon sou UB BEP, [klike la a](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)